## BAS MAQALA

### «ТУРМЫС МЕКТЕБИ» БАҒДАРЛАМАСЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ БАСЛАНБАҚТА

**А.Пазылов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Өзбекстан Республикасы Президенти Администрациясының 2024-жыл 6-январдағы 2024/2025-оқыў жылынан баслап “Турмыс мектеби” бағдарламасы шеңберинде улыўма билим бериўши орта мектеплерде педагогикалық класслар шөлкемлестириў бойынша 03-RA 1-311-санлы тапсырмасында педагогикалық жоқары оқыў орынларын мектеплерге бириктириў ҳәм педагогикалық классларда сабақ өтетуғын профессор-оқытыўшылар қурамын қәлиплестириў ҳәм олардың шет еллерде қәнигелигин арттырып қайтыўын шөлкемлестириў ўазыйпалары белгиленген еди.

Бул ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекстан Республикасындағы педагогикалық бағдарға бейимлестирилген жоқары оқыў орынларының 16 профессор оқытыўшысы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи министрлиги менен Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлигиниң басламасы менен усы жылдың 4-10 май күнлери Максим Tank атындағы Беларуссия мәмлекетлик педагогикалық университетинде өз қәнигеликлерин арттырыўға жиберилди. Усы жиберилген профессор-оқытыўшылардың ишинде Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтынынан педагогика илимлериниң кандидаты, профессор А.К.Пазыловта бар еди.

Қәнигеликти арттырыў “Улыўма билим бериў мектеплеринде педагогикалық класслар жумысларын шөлкемлестириўдиң теориялық ҳәм әмелий аспектлери” темасы шеңберинде өткерилди.

Қәнигеликти арттырыў курсы Максим Tank атындағы Беларуссия мәмлекетлик педагогикалық университети ректоры, педагогика илимлериниң докторы, профессор Александр Иванович Жуктың “Билимлендириў процесиниң педагогикалық профилизациясы: социаллық мәдений аспектлер” темасындағы дөңгелек стол әтирапындағы сәўбетлесиўден басланды.

Бизлерди дәслебинде “Бул шөлкемлестирилетуғын педагогикалық класслар оқыўшыларға, ата-аналарға, педагогларға, администрацияға не бериўи мүмкин?” деген сораўларда қызықтырды. Мәселеге тереңирек үңилсек педагогикалық бағдарларда профилли оқытыў мүмкиншиликлериниң оғада кеңлиги сезиле баслады. Мысаллар келтиретуғын болсақ: ол оқыўшыларға қәнигеликти саналы түрде таңлаў; кәсиплик идентификация; өзин кәсиптиң ишинде көрсете билиўи, тәжирийбеси; әрманларын иске асырыўы; жоқары оқыў орнына қабыллаўдың айрықша шәртлерине муўапық қабылланыўы; психологиялық-педагогикалық таярлық; социалласыў; мүмкиншиликлерди иске асырыў; өзин өзи сезе билиў; белгили бир процесслерден қанаатланыў, қуўаныў, қызығыў; уқыплылықларды раўажландырыў; өзин-өзи басқарыў; ҳәр қыйлы жас арасындағы проектлер; келешектеги кепилленген жумыс орны дегенди аңлатады екен.

Демек, бул көз-қарастан қарайтуғын болсақ педагогикалық класс – бул өзиңди муғаллим орнында сынап көриўге болатуғын айрықша мүмкиншиликлер жыйындысынан ибарат дегенди аңлатады. Педагогикалық кәсипке қызығыўшылығы болған мектеп оқыўшылары еки жыл даўамында педагогика ҳәм психология предметлерин үйренеди. Бул предметлерди педагогикалық кәсипке қызығыўшылығы болмаған оқыўшылар үйренбейди. Нәтийжеде психологогиялық-педагогикалық таярлықлардың ҳәзирги дәўир ушын оғада әҳмийетли екенлиги сезиледи. Не ушын дегенде:

Биринширден, педагогика ҳәм психологияны барлық жоқары оқыў орынларында үйренеди, Демек, оқыўшылар басқа теңлеслерине қарағанда бул предметлерге таярлығы жағынан басым болады.

Екиншиден, бул кәсипке бағдарлаўшы классқа келди деген сөз, оларды педагогикалық жоқары оқыў орнына бағдарлайды, келешекте басшы жумысларда ислеўге тартады дегенди аңлатады. Буның ушын әлбетте педагогика ҳәм психология пәнлеринен жетик билимге ийе болыў талап етиледи.

Үшиншиден, бул классқа қатнасыўшы ҳәр бир оқыўшы – келешекте муғаллим яки билимлендириў тараўын басқарыўшылар бола алады. Сонлықтан олар өзли-өзине «Өзиңниң балаларыңды дурыс тәрбияла» деп айта алады.

Бул кәсипке бағдарлаўшы класстың ата-аналар ушында пайдасы бар екенлиги сезилди. Себеби, олар өз балаларын бул класста оқытыў арқалы шаңарақ бюджетин үнемлеўге ериседи. Анығырағы, репетиторлар ушын ғарежет сарплап жүрмейди, және де, өз баласының мәмлекетлик грант тийкарында оқып билим алыўына ериседи. Баласының жоқары оқыў орнына жеңилликлер менен қабылланыў мүмкиншилигине ийе болады. Сондай-ақ, баласының келешекке болған исеними күшли болады. Баланың бул классқа қабылланыўы, оның кәсипти еркин таңлағанының көрсеткиши саналады. Бала келешекте ата-аналарына “Сеннен болды, мен бул кәсипти қәлемейтуғын едим” деп жүрмейди. Баланың қосымша сабақ ямаса жумыс пенен бәнт болыўы – ата-ананы психологиялық жақтан барқулла тынышландырып турады. Бул класста бала педагогика ҳәм психологиядан кепилленген билим алыў мүмкиншилигине ийе болады.

Сондай-ақ, өзиндеги жеңил-желпи уқыплылықларды, педагогикалық тил менен сөйлеўге байланыслы әмелий билимлерди, балалар менен қатнас жасаў, оларға ғамхорлық ислеў жолларын үйренеди. Усы үйренгенлериниң өзи келешекте өз балаларын тәрбиялаў ислеринде де пайдаланылады. Анығырағы ким болса сол

муғаллим бола бермейтуғын болады. Бала өз үйинен узақ болмаған ана мектебине мақсетли жоллама менен келип ислеў имкәниятынада ийе болады. Муғаллимлердиң мийнет дем алысының ҳәммеден көп, яғный 56 күн ҳәм жаз айларында берилетуғынлығын биледи.

Бул кәсипке бағдарлаўшы класстың мектеп муғаллимлери ҳәм жоқары оқыў орынларының профессор-оқытыўшылары ушында пайдасы бар. Себеби, олар педагогикалық кәсипке қызығыўшыларды қосымша түрде оқытыў арқалы оқытыўшылық кәсипке қызығыўшылықлары жүдә жоқары болған оқыўшылар менен жумыс алып барады ҳәм ислеген қосымша жумыслары ушын психологиядан 36 саат, педагогикадан 36 саат оқытыў арқалы, жәми ҳәр бир предмет бойынша еки жылда 72 саат көлеминде ис ҳақылар алыўға ериседи. Буннан тысқары өз тәжирийбелерин мектепте муғаллимшилик кәсипке қызығыўшылық билдирип, арнаўлы классларда оқып атырған шәкиртлерине жеткерип береди, оқыўшылардан кәсиплик хызметлерде жәрдемшилер жетилисип шығады, оқыўшылар менен ҳәптесине 6 күн даўамында ислесиў мүмкиншилиги туўылады.

Және де, өзбетинше билимин жетилистирип барады ҳәм кәсиплик жетискенлик сырларын жетилистириў, оқыўшылар менен рәсмий емес түрде қатнас жасаў, мектеп пенен жоқары оқыў орнының тығыз байланыслылығы; конкурсларға, проектлерге, фестивалларға қатнасыў, шеберлик класы сабақларын өткериў, педагогикалық мийнеттиң әҳмийетлилигин көтериў, муғаллимге ҳүрмет көрсетиў, анығырағы, оқыўшылардың муғаллим болып көриўине, ал муғаллимлердиң оқыўшы болып көриўине мүмкиншиликлер жаратылады.

Мектептиң басқарыў системасы болса резерв кадрларға ийе болады. Себеби, педагогикалық класстың питкериўшилери мектепте ислеў ушын әлбетте, өз ана мектебине қайтып келеди. Оқыўшылар ишинен сайландылар бөлинип шығады. Оқыўшылар бәнт болып, педагогикалық орталықты пайда етеди, бул арқалы оқыў орнының абыройы көтериледи, жоқары оқыў орынлары менен қатнас күшейеди, мектептиң көрсеткишлери жоқарылайды ҳәм педагогикалық жоқары оқыў орнына кириўшилердиң салмағы басым болады.

Ҳақыйқатын айтыўымыз керек, Беларуссия мәмлекетлик педагогикалық университетиниң бул жумысты баслағанына 8 жыл болған. Деген менен усы 8 жыл ишинде бирқанша унамлы жумыслар исленген. Атап айтқанда 10- ҳәм 11-класс оқыўшылары ушын әмелий жумыс ўақтында пайдаланыўларына қолайластырылған “Әмелий жумыс дәптерлери” жаратылған. Бул дәптерлер модуллерге ажратылып исленген. Мәселен “Человек познающий” атамасындағы психология пәнинен жаратылған 2-модуль, “Я в педагогической профессии”, “Познай самого себя” атамасындағы педагогика пәнинен 3- ҳәм 4-модуллер, және де усы модуллерди әмелге асырыўға байланыслы болған өз алдына хрестоматия менен методикалық көрсетпелер, оқыўшының өзине өзи баҳа бериўине ийкемлестирилген “Күнделик”, педагогикалық кәсип ҳәм рөллердиң арнаўлы ислеп шығылған “Атласы”, және басқада көплеп оқыў-методикалық көрсетпелер ислеп шығылған. Педагогикалық университеттиң баспасы арқалы басып шығарылған.

Қәнигелигимизди арттырыў барысында психология илимлериниң докторы, профессор Лобанов Александр Павловичтиң “Психологиядан “Педагогикалық кәсипке кирисиў” факультатив сабағын өткериў модулиниң өзине тән өзгешеликлери” атамасындағы әмелий сабағы бизлерде оғада үлкен қызығыўшылықты оятты. Доцентлерден А.В.Маковчик, И.В.Шеститко, Ю.Н.Кислякова, аға оқытыўшы Ю.Н.Егорова, Минсктеги №126-мектеп директоры Т.Н.Лаврухина, оның орынбасары Е.А.Мельникова, №155-мектеп директоры Е.И.Гиль, оның орынбасары Н.В.Лазарчуктың өткен әмелий сабақлары ҳәммени өзине тартты. Әсиресе усы мектеплердеги педагогикалық кәсипке қызығыўшы оқыўшылардың өзлерин муғаллим сыпатында көрсетиўлери бизлерди таңландырды.

Қәнигелигимизди арттырыў барысында М.Танк атындағы Беларуссия мәмлекетлик педагогикалық университетине, Беларуссияның миллий китапханасына, Беларуссия мәмлекетлик Уллы ўатандарлық урыс тарийхы музейине, №9-оқыў корпусына саяхатларда шөлкемлестирилди.

Университеттиң оқыў ислери бойынша проректоры А.В.Маковчик педагогикалық институтымызға айрықша ҳүрмет көрсетип, өзлери менен дүзилген меморандумды ҳәммениң алдында салтанатлы жағдайда тапсырды. Буннан тысқары бизди өзлеринде ҳәр бири 3 серияда басып шығарылатуғын “Вести БГПУ” атлы журнал редакторлары менен таныстырды. Өзимиз бенен алып барған еки мақаланы сентябрь айындағы номерде жәриялаймыз деп алып қалып, бизди үлкен қуўанышқа бөледи.

Жуўмақлап айтқанда оқыўшыларды мектептиң жоқары классларында оқыў дәўиринен баслап педагогикалық кәсипке қызықтырып барыў ислери Қарақалпақстан шараятында да әмелге асырылса ҳақыйқый муғаллимшилик кәсипке тек ғана қызығыўшы емес, ал, муғаллим болып туўылған жас ҳәм жетик билимлерге ийе қәнигелерди жетилистирип шығарыў мүмкиншилиги сөзсиз артып баратуғынлығына исенимимиз артты.